ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 10 сентябрь 2026 год № 17 (609)



ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ



А.-Х. Кадыров


# ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР


## ШАЙХ БАМАТ-ГИРИ-ХЬАЬЖА (IАВДА)

Шайх Бамат-Гири-Хьаьжа Митаев дуьнен чу ваьлла шелан кIоштарчу Эвтарахь I838-чу шарахь. халкъалахь йоккхуш йолу цIе Iавда йу цуьнан. Цуьнан ден цIе МитIа хилла, ненан цIе – Жансу. Деден цIе Анзор хилла. Вайн берриге а махкахь гIараваьлла вевзаш стаг хилла Анзор. Эвтарний, Сиржа-Эвланний йуккъехь хIинца а йолуш йу иза ваьхна, Iийна меттиг. Анзоран-кIотар олу цунах.

Дукха жима волуш дуьйна Iавда хIуманна тIекхиар дика долуш хилла. Цундела Кунта-Хьаьжас, шена улле озийна, тергойеш хилла цуьнан. Цхьана дийнахь кешнашкахь шен муридашца хилла Хьаьжа. Цо тидам бина ловзуш долчу берийн. Жима кIант – Iавда, цхьаццa коша тIе а воьдий, цу тIе лерг а дуьллий, ладоьгIуш хилла. ТIаккха кхечу коша тIехь а иштта ладоьгIуш хилла. Хьаьжас шеца болчу муридашка хьаттина:

– Оцу беро лелош долчух кхетий шу? – аьлла.

– Тхуна-м ца хаьа, ахь дийцахьа, Хьаьжа, хIун деш ву иза? – хьаттина муридаша.

– Оцу хIора коша чохь дерг гуш ву и. Цаьрга ладоьгIуш ву, – жоп делла устаза.

Цул тIаьхьа шена улле озаво Хьаьжас Iавда. Шен тобанца шаьш доьлхучу зуькаршка вуьгу. Иштта, цхьана мурида хьошалгIа кхайкхина хилла Хьаьжа. Дела хьахош, Iамал йина бевлча, охьахевшина хилла муридаш. Йуург, кечйина, чуйеана, хьалха охьайиллина. Жижиг-галнаш хилла охьадехкина. ХIусамда вистхилла:

– Хьаьжа, йуург схьакхаьчна шуна, йаа дIайолайе, – аьлла. ТIаккха Хьаьжас аьлла:

– Бамат-Гири мичахь ву? Гучувала алал цуьнга. Дехьачуьра сехьаваьлла Iавда.

– ХIара йуург вайна йаа мегар йолуш йуй? – хьаттина устаза.

– Йац, – жоп делла Iавдас.

– Делахь, вайна йаа мегачу хьоле йаккхал хIара, – аьлла йуха а Хьаьжас. Iавдас галнаш а, жижиг а, кегош, декъна пхьегIаш чохь. ТIаккха аьлла цо:

– Хьаьжа, хIорш даа мегар ду, хIара вуьйш мегар дац.

– Делахь, даа мегар дац аьлларш арахь долчу жIаьлешна дIало, – аьлла Хьаьжас хIусамдега.

ХIума йиъна бевлча, Хьаьжас къамел дина муридашка:

– Оцу Бамат-Гирис, йаа мегар йу аьлла, къастийна галнаш ламаз карахь долчу зударша йина йара шуна. Вуьйш – ламаз карахь доцчара йинера.

ХIусамдас жа дажо шеца лелош жIаьла хилла. Нана йоцуш хилла оцу жана йукъахь цхьа Iахар. Шен кадаьлча, бодий, жIаьлех бекхаш хилла и. Оцу Iахаран жижиг дара оцу Бамат-Гирис даа мегар дац аьлларг. Иза воцчунна къасто хуур дацара и, – бохуш, дийцира Хьаьжас.

Иштта кхуьуш вара Iавда.

Шен 8-9 шо долуш, Мескар-Эвларчу ненахошца цхьаьна дуьххьара хьаьждан вахана Iавда.

Шен хьехамашца Далла гергавуьгуш долу Iилманаш цунна довзийтина, эвлайаан дарже ваьккхина иза Хьаьжас.

ШолгIа ХьаьжцIа вахана Iавда шен 34-35 шо долуш.



ХьаьжцIа ваханчуьра цIавеъча, шен кертахь ор а даьккхина, цу чохь халбата воьлла иза. Далла Iамалйеш, йалх шой, ах шой даьккхина цо цу чохь. Цхьаболчу муридаш а дийцарехь, I3 шарахь Iийна иза. Цу чохь Дела хьехош, йуучу хIуманах кIезиг кхеташ хиларна, дукха гIелвелла хилла иза. Иштта бу оцу эвлайаийн Далла гергакхачаран некъ. Дела алсам хьехош, йуучух кIезиг кхеташ.

Далла гергахилар кхоччуш къобалхилла цуьнан. Цул тIаьхьа, Делера хаам а хилла, керла зуькар йукъадаьккхина Iавдас. И зуькар цо муридашка дIаалийтина. ХIинца а иштта ду цуьнан муридаша деш долу зуькар. Зуькарца болу дукха пайданаш бийцина Iавдас:

Зуькаро мурид къинойх цIанво;

Дагчуьра сингаттам , бала дIаоййу;

Ойланаш цIанйо; Дагна а, дегIана а ницкъ ло;

Зуькар деш болчарна Дала жоп ло, доIанца доьхуш болчарна санна.

Iавдин доьзал хилла: ши кIант – Iела, Iумар цIераш йолуш, кхин йоIарий а хилла.

Муридашна хьехар деш хилла Iавдас: «Зуькарш делаш, вовшашца магалаш, вовшашна дезалаш, вовшийн ларалаш. Кхоъ вовшаххкетча а, салават диллий, зуькаран мукъам ца олуш, дIаса ма довлалаш», – бохуш.

ХIетахьлерчу Iедална кхераме хетта Iавда дуккха а наха лоруш хилар. Шозза Сибрех вахийтина иза. Дуьххьара Украинерчу Херсонашахьара, деа шарна. ШолгIа – Калуга шахьара, пхеа шарна. Амма Калугехь и хан текхна валале, Деле дIавирзина. Муридаша, цIерпошта тIехь цIа валийна, Эвтарахь, ша Iийначу кертахь, дIавоьллина иза. Цуьнан кIанта шайха Митаев Iелас зерат дайтина цуьнан коша тIехь.

2008-чу шарахь вайн Мехк-Ден Кадыров Рамзанан омранца тодина иза. Уггаре а хазачех ду иза вайн Нохчийчохь. Зератан доладеш, и Iалашдеш, хIора дийнахь муридаш хуьлу цигахь. Цхьамма а диэ бохуш дац и. Шайн устазе лерам хилар ду.

Шен муридашна, Дела хьехош, Iамал йан хIора парзламазана тIаьхьа вирд даккхар тIедиллина Iавдас.

Дала и эвлайааш безар лойла вайна! Амин!

*М. Заурбеков*

## БАМАТ-ГИРИ-ХЬАЬЖИН (IАВДИН) ВИРД

**ИШТТА ДУ IАВДАС ШЕЦА ТОБА ДАЙТИНЧУ А, ШЕЦА ОЙЛА СЕЦНАЧУ А МУРИДАШНА ТIЕДЕХКИНА ВИРДАШ.**

### ХЬАЛХАРА ВИРД

ХIора ламазана тIаьхьа пхоьазза «АстагIфируллахI» эр ду, 100-зза «ЛааилаахIа иллаллаахIу» эр ду, пхоьазза пайхамарна «салават» дуьллур ду.

Мел иштта кхайкхор бу:

АIуузубиллахIи минашшайтIоонирроожиим. БисмиллахIиррохьмаанироохьиими. Айса хIинцца лааиллахIа иллаллахIу бохуш динчу 100 зикран мел Делан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна (Делера саламмаршалла хуьлда цунна) бели ас, сайн устазана бели ас, цаьршинна йуккъе баьхкинчу эвлайаашна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай, и мел цаьрга дIакхачабе Ахь. Хьайгара къинхетам, Элчанера шапаIат, устазера шапаIат, беркат, шовкъ, марзо, хьал - пайда - асар соьга а, соьгахула со хьашт долчаьрга а кхачаде Ахь.

АллахIумма соли Iалаа Мухьаммадивва Iалаа аали Мухьаммадивва саллим . Бихьурмати сирри сууратилфаатихьахI, аьлла патихьат доьшуш дерзор ду.

Массо а вирда тIехь догIуш ду йух-йуха йаздина ца хиларх. Муьххачу а вирдан мел кхайкхош бисмилла ала деза.

### ШОЛГIА ВИРД

ХIора Iуьйра ламазана тIаьхьа 100 салават дуьллур ду (дуьненчу малх кхетале). Кхи вирд даьккхича малх кхетар белахь, хIара хьалха даккха, кхуьнан мел кхайкхор бац. Цунна тIаьхье 100 «къулхIа» доьшур ду (хIора «къулхIанна» хьалха «бисмилла» эр ду).

Мел иштта кхайкхор бу:

Айса бIозза дешначу «къулхIанийн» мел Делан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бели ас, сайн устазана бели ас, цаьршинна йуккъе баьхкинчу эвлайаашна бели ас, Элчана асхьабашна: Абубакар Сиддикъан а, Iелина, Iумарна, Iусманна бели ас (РозийаллахI IанхIум), Дела реза хуьлда царна.

Веза-Воккха Дела, соьгара совгIат дай. (хьалхарчу вирда тIехь санна чекхвер ву).

Важиб долу вирд чекх дел и. КхидIа кхоъ вирд ду суннат долуш.

1-ра суннат вирд

Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе, йа цхьаьна пхи бIе ЛааилаахIа иллаллаахIу боху зикр дийр ду.

ХIора бIенна хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа кхузза АллохIумма солли Iалаа Мухаммадивва Iалаа аали Мухаммадив-ва-саллим эр ду. (Пхи бIе цхьаьний доккхуш велахь - 15 астагIфируллахI, 15 салават). Мел иштта кхайкхор бу: Айса дешначу 100 йа 500 зикран мел Адам Пайхамарна бели ас, Хьан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна бели ас, (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), сайн устазана бели ас. Адам Пайхамарна тIера дуьйна Мухьаммад Пайхамарна тIекхаччалц (Делера салам-марш алла хуьлда цунна) Дала шайна Элчаналла делла бахкийтинчу пайхамаршна бели ас. Мухьаммад Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлайаашна бели ас.

Веза-Воккха Дела, соьгара совгIат дай... (хьалхарчу вирда тIехь санна чекхвер ву).

### 2-ГIА СУННАТ ВИРД

Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе ЛааилаахIа иллалаахIу бохуш долу зикр дийр ду, хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа кхузза Пайхамарна салават дуьллур ду. Йа цхьаьна гулдина 500 лааилааха иллаллаахIу боху зикр дийр ду, хьалха 15 астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа 15 салават дуьллур ду. Мел иштта кхайкхор бу: Хьан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цунах хоттавелла веанчу сайн устазана бели ас, сайн денийнанний бели ас (цIераш а йохуш).

Веза-Воккха Дела соьгара цIена совгIат дай... (хьалхарчу вирда тIехь санна чекхвер ву).

### 3-ГIА СУННАТ ВИРД

ХIара вирд Iавдас тIедиллина дац, амма Iавдас вайн дена-нанна вирд тIедиллина хилча, Iавдица гIиллакх лаьцна, цуьнан денананна даккхар нийса хетта Iавдин муридаша, Iавдера пурба а даьк кхина, тIелаьцна лелош ду. Даьккхича меле а ду, нийса а хир ду.

Дийнахь-бусий хIора лам азана тIаьхьа цхьацца Лаaилааха иллалаахIу бохуш долу зикр дийр ду, хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа кхузза Пайхамарна салават дуьллур ду. Йа цхьаьна гулдина 500 Ла аилааха иллаллаахIу боху зикр дийр ду, хьалха 15 астагIфируллах эр ду, тIаьхьа 15 салават дуьллур ду. Мел иштта кхайкхор бу: Хьан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цунах хоттавелла веанчу сайн устазана бели ас, сайн устазан дений-нанний бели ас (цIераш а йохуш), устаз Iавда велахь (МитIина а, Жансуна а), устаз Iавдин Вели велахь (дена Iавдина а, нанна Муьилматана а).

Веза-Воккха Дела соьгара цIена совгIат дай... (хьалхарчу вирда тIехь санна чекхвер ву).

Иштта ду Iавдин вирд. Iавдин Iелин вирдан хьалхара вирдаш а иш тта ду, кхидIа дерш Iелас тIейаздайтина ду.

*М. Заурбеков*

ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

## 2-гIа агIо

### НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАДА ДУЬЙЦУ

**«Зудчо йа стага шайна тIера совнахдолу дилха дIадаккха, куц тадан хIума цайаар къилахь дуй?**

Дела вовзарехь лакхабийлина нах, кхачанах кIезиг кхеташ хилла. Iаьржачу чохь, дууш йа молуш доцуш, халбатахь Iаш хилла эвлайааш. Кхача а, наб а йухатеттина, шена дезарг ца лоьхуш дегI Далла дезна ду. Цундела, йуучух йухавалар къилахь дац, амма куц хаздан гIерта а ца олуш, ламазна хьала-охьа таIа атта хилийта, Делан дуьхьа аьлла, нийат дина хилча, дика хир дара. Дела резаволчу агIор бан мегаш бу дегIана ницкъ, амма Дела резавоцу ницкъ дегIана бахь, жоп доьхур ду, хьайн дегIана хакъ дIа хIунда ца делла аьлла.

**Вайна йукъахь гIарадаьлла лелаш ду къайлах мах баран гIуллакх. Цхьа молла а лоций, шиъ теш а лоций, мах бо. Цул сов, зудчун дена а ца хууш, мах бан мегар ду бохуш, меттигаш а йу. Харцахьа ца лелчахьана, мегар ду бохуш, цхьа хIуманаш ду даьржина. Оцу хьокъехь хIун эр дара ахь?**

Хьанал некъ лоьхуш хоьттуш болчарна Дала биллина кхин тIех хьанал хирбоцуш хьанал некъ бу. Йисина Iаш йолчу зудчун, майра велла и йиснехь, биъ бут, итт дей даьлча, маре йаха бакъо йу. Нагахь санна доьзалхочух и йелахь, доьзалхо охьавиллинчул тIаьхьа, цуьнан Iидда (маре йаха ца мега хан) дIадолу, цуьнан маре йаха бакъо йу тIаккха. ХIокху тIаьхьарчу хенахь, къаьсттана, зударий белла божарий дукха бу бисина. Зуда хьашт хилла араваьллачунна, со а, со санна верг а захало дийца вахча, йоIстаг цIера йолуш дуьйцуш долчу захалонал хала хилла тхуна бисина Iаш болу зударий иштта зударий боцуш болчу нахана бигар. ХIунда? ХIинца пенсеш ду дукха нахана дехкина, болх боцуш хиларна (безработни) а, кхидолу а пособеш ду луш. Иштачу зударшна баха аьтто болуш ду тахана, амма церан деган лаам, церан дегIан хьашташ, церан лехамаш болуш ма бу, и къайлах ма дац...»

## 3-гIа агIо

### ДЕЛА РЕЗАВАР ДА-НАНА РЕЗАДАРЕХЬ ЛАХА

«ДУЬНЕНАХЬ А, ЭХАРТАХЬ А ДОЬЗАЛХО ДЕКЪАЛ ХИЛАР ДУ ЦО ШЕН ДА-НАНА РЕЗАДАР. ЦУНДЕЛА ДУЬНЕНАН АЬТТОННА ЙА ШАЙН ХЬАШТ-ДЕЗАРШНА Т1АЬХЬАДЕВЛЛАЧОХЬ ДИЦ МА ДОЙЛА ДА-НАНА РЕЗАДАН ДЕЗАР, ЙАЛСАМАНИ КХАЧОШ БОЛУ НЕКЪ УЬШ РЕЗАБАРЕХЬ БЕН ЦАХИЛАР. ДЕЛА РЕЗАВАР ДА-НАНА РЕЗАДАРЕХЬ ДУ. Т1АККХА ЛАХИЙ ВАЙ ДА А, НАНА А РЕЗАДАР. ДАГАХЬ ДОЦЦУЧУ ДИЙНАХЬ ЦАРАХ ХЬАЬДДА, БАЙЛАХЬ ДУЬСУР ДОЛУШ ДУ-КХ ВАЙ. И ДЕ БАЙТАМАЛЕ ЦА ХИЛИЙТА ХЬОВСА.

Нохчийчохь дика вевзаш волчу Iеламстага Абдулаев Аслан-Хьаьжас шен цхьана хьехамехь доьзалан шен дена-нанна хьалха долчу декхарех, церан ларам бан безарх лаьцна дуьйцуш, шозза-кхузза ч1агIдеш элира: «Дела резавар да-нана резадарехь лаха деза», - аьлла. Цу хокъехь долу Ат-Тирмизис далийна хьадис а довзийтира цо. Да-нана резадинарг бен Йалсмане ваха йиш цахиларан хьокъехь дара иза. Оццул деза ду да-нана резадар, царна муьт1ах хилар, цаьрца дика, к1едамерза хилар...»

## 4-гIа агIо

### НОХЧИЙН ЛАЬМНАШКАХЬ ЛЕЛЛА ГIИЛЛАКХ

«Цхьаьннан карах мухха а цхьаъ кхалхар нисделча, йа цахууш, йа девнехь, йуккъехь дов деана долчу шина тайпанах боцу, Iеламнах, баккхийнаш, маслаIатан дай, наха лоруш болу нах йукъа а хьаьвзий, и стаг тIевитар, маслаIат дар лохуш хилла. Мел доккха делахь а, дов дIадерзош хилла иштачу маслаIатца.

Масала, цхьаьннан карах цхьаъ велча, эццахь нах цхьаьна а кхетий, цунна орцах бовлий, оцу нахе дехаре боьлхуш хилла, и стаг тIевитахьара, олий. Дехаре бахале, дуккха а дийцарш деш хилла, кIеззигчу тобанца тIе а боьлхуш, вовшех дага а бовлуш, хиллачух, леллачух, бехк берг боцург дуьйцуш, массо хIума листа а луьстий, дехарш деш, маслаIате кхойкхуш хилла. Оцу кеппара стаг веллачу нахе дехар деш хилла, чIирхо тIевитар доьхуш.

Дехар луш а хилла дукхахьолахь, амма цалуш, дехар йухатухуш меттиг нислуш а хилла.

Гуттар маслаIатана дуьхьало йича, гора хIуьттий дехар деш меттиг нислуш а хилла...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

## НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАДА ДУЬЙЦУ

**Зудчо йа стага шайна тIера совнахдолу дилха дIадаккха, куц тадан хIума цайаар къилахь дуй?**

Дела вовзарехь лакхабиййлина нах, кхачанах кIезиг кхеташ хилла. Iаьржачу чохь, дууш йа молуш доцуш, халбатахь Iаш хилла эвлайааш. Кхача а, наб а йухатеттина, шена дезарг ца лоьхуш дегI Далла дезна ду. Цундела, йуучух йухавалар къилахь дац, амма куц хаздан гIерта а ца олуш, ламазна хьалаохьа таIа атта хилийта, Делан дуьхьа аьлла, нийат дина хилча, дика хир дара. Дела резаволчу агIор бан мегаш бу дегIана ницкъ, амма Дела резавоцу ницкъ дегIана бахь, жоп доьхур ду, хьайн дегIана хакъ дIа хIунда ца делла аьлла.

**Вайна йукъахь гIарадаьлла лелаш ду къайлах мах баран гIуллакх. Цхьа молла а лоций, шиъ теш а лоций, мах бо. Цул сов, зудчун дена а ца хууш, мах бан мегар ду бохуш, меттигаш а йу. Харцахьа ца лелчахьана, мегар ду бохуш, цхьа хIуманаш ду даьржина. Оцу хьокъехь хIун эр дара ахь?**

Хьанал некъ лоьхуш хоьттуш болчарна Дала биллина кхин тIех хьанал хирбоцуш хьанал некъ бу. Йисина Iаш йолчу зудчун, майра велла и йиснехь, биъ бут, итт дей даьлча, маре йаха бакъо йу. Нагахь санна доьзалхочух и йелахь, доьзалхо охьавиллинчул тIаьхьа, цуьнан Iидда (маре йаха ца мега хан) дIадолу, цуьнан маре йаха бакъо йу тIаккха. ХIокху тIаьхьарчу хенахь, къаьсттана, зударий белла божарий дукха бу бисина. Зуда хьашт хилла араваьллачунна, со а, со санна верг а захало дийца вахча, йоIстаг цIера йолуш дуьйцуш долчу захалонал хала хилла тхуна бисина Iаш болу зударий иштта зударий боцуш болчу нахана бигар. ХIунда? ХIинца пенсеш ду дукха нахана дехкина, болх боцуш хиларна (безработни) а, кхидолу а пособеш ду луш. Иштачу зударшна баха аьтто болуш ду тахана, амма церан деган лаам, церан дегIан хьашташ, церан лехамаш болуш ма бу, и къайлах ма дац. ТIаккха цхьацца некъаш хIиттош, кхечу мазхIабан асре девлера тхо бохуш, вели (верас) воцуш мах бойтуш, хIуманаш лелор бакъо йоцуш ду. Шен хьаштана, шен гIуллакхна вахаза ца ваьлла ваханчу меттехь и вели (верас) тIе ца кхачалуш меттиг хилча, и бахьанехь цаьргара зене некъ ца божийта, уьш Iалашбайтаран дуьхьа, йуьртан къедано схьаоьцуш йу церан бакъо (верасаллин бакъо). Къедана тIехIоьттина хилар массарна а тIехь ду, цундела цо луш йу и бакъо. Дела Iехалур волуш вац, бакъо йоцуш ду верас воцуш маре дар.

Йисина Iаш йолчу зудчун шен дегIан лехам леха бакъо йу, цундела и зуда маре йаха йеза-кх, хаза шен верасаца мах а бина, шариIатан бакъонашца, важадерш цхьа а бакъо йоцуш гIуллакхаш ду, Делан оьгIазло хир йолуш, халкъалахь сий довр долуш. Хьулдина лело дезаш долу хIума дерриг а хьарам ду.



**Цигаьрка озар Къуръан чохь хьахийна дац, амма хIетте а цхьаболчара и оза мегар дац олу, кхечара Къуръан чохь и хьахийна цахиларна и хьарам йац, олу. Цунах дерг алахьа.**

Майра бу тонка озар, насвай тасар Къуръан чохь хьахийна дац бохуш, шайна некъаш хIиттош, и лелош болу нах. Уьш леладарца нах эвхьаза бохуш болу «хьехамчаш» Далла гергахь «тIех майра» бу. Дала лардойла вай церан некъах. Ду дера-кх, Къуръан чохь хьахийна-м. Муха дац иза? Хьайн дегIана зен деш долчу хIуманах ларлолахь, аьлла Дала Къуръан чохь. Хьайн дегIан могашалла галйоккуш долчух ларлолахь, аьлла Дала. Хьовсал, и хеттарш деш болу нах советийн заманахь кхиънарш бу, хIинца йолчу Россин заманахь кхиънарш бу, массо а йоза хууш а, Iилма долуш а нах бу. Дуьненан Iилманаш оьшуш ду, Дала кхин а совбохийла уьш, Дала кхиар лойла царна, оцу дуьненан Iилманехь санна, динан Iилманехь нисбалар лойла царна. Хьовсал, миччахьара а медицински литература схьа а эцна, уьш хьаьвсича, адамийн догIмашкахь Дала гучуйохуш йолу цамгарш дукхахйерш оцу тонкица йу, насвайца йерш а йу: доьлийн цамгар, цергийн цамгар, иштта кхидIа а. Хьан дегI эшош йолу цамгар, «рак» цамгарна тIекхаччалц, хьуна цамгар йеш дерг тонка ма ду, хьанал муха хир дара иза, Дала хьан дегIана зен деш долчу хIуманах ларло аьлча, тоьар дацара и, хIора хIуманан шен-шен цIе цайаккхарх, хьекъал долуш волу стаг тIекхиа мегар дара, самавала мегар дара оцу некъехь. Делахь а, иза иштта хьахийна дела ала лаьа суна, Абу Хурайра бохуш, Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабашха цхьа стаг хилла, Элча шен доттагI ву аьлла цо, шен доттагIчо аьллера олуш, меттиг йина цо. Шен доттагIчо Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира аьлла ду хьадис: «Я Абу Хурайра, цхьа къам догIур ду хьуна заманан эхарехь, томка узуш хир бу хьуна уьш, уьш хир бу хьуна «Мухьаммадан умматах ду тхо» бохуш. Я Абу ХIурайра, уьш бац хьуна шен умматах». Йуха а ду оцу меттехь йаздина: «Тонка хьанал ду бохуш и дуьйцуш верг гIиллакх доцу жIала ду» аьлла. ХIунда доккху аша адам оццул эвхьаза, адаман догIмашна зен деш долчу хIуманца. Томка узуш волу стаг адаман дикане-воне нисвеллачу меттехь, цу чохь мел волчу стеган садоьIу меттиг гатт йо цо, цунах йогIу боьха хьожа, цунна шена а ца хаьа шех мел чIогIа йогIу и хьожа.

Хьажал, кхин хIумма а ца хилча, доьзалхочух йолу зуда йолчу чохь тонка узуш волчу стеган кIуьран хьожано оцу ненан кийрахь волу доьзалхо сакхте во. Оццул зене долу иза маго хIунда гIерта? Дала лардойла вай оцу хIуманца эвхьаздийларх.

**Цхьаболчу божарша дашо мухIар леладо, йа коча уллий зIе лелайо. Вайн нохчийн Iадатехь нуц невцалха вахча, дашо сахьт йа дашо мухIар луш хуьлу. Иштта деши лелорехь зударшний, божаршний хIун башхалла йу? Мегаш дуй божаршна дошо мухIар а, кхийолу дашо хIума а лело?**

Дала Къуръан чохь билгалдина, дашо хIума божаршна лалайар хьарам ду аьлла. Зударшна, хазаллина кечбала безаш уьш болу дела хьанал дина. Невцалха вахча делла хуьлийла и мухIар, йа доттагIчо совгIатана делла хуьлийла, цунна и миччара даьллехь а, дашо хIума лелайар божаршна хьарам ду. Къаьсттана мегаш дац, зудабераш кечлуш санна, зIенаш коча оьхкина лелайар. ХIунда аьлча, нехан дог дохош долу хIума ду иза, «со вехаш ву, со хьал долуш ву, со дешийлахь луьйчуш ву» ала, коча оьхкина зIенаш йу уьш, къечу нехан дегнашна эшам беш ду и. Цундела баа межарг боцуш Iаш болчу нехан дегнаш ма дохаде боху вайга Дала. Хьарам ду иза, мегар дац.

**Хьашто а йоцуш, шен хазахетархьама ижуна таллар лело магийна дуй?**

Цхьаболчара таллар шайн самукъадаккха лелош ду. Ткъа и таллар, шен таро меттахIотторхьама, шен хьаштана, цунах цхьа рицкъ хир дацара техьа бохуш, лелош верг а ву. Оцу шиннен а бакъо йу и лело. Амма, бакъду, шен хьаштана а доцуш, цо дезарна хьовзош а доцуш, ша йийна хIума тесна а йуьтуш, самукъадаккхархьама толлуш ву ша бохуш верг къино лоцур ву. Цундела, шен хьаштан барамехь бен лело ца деза и хIума, хIунда аьлча, садолу хIума Дала йерриге а йезаш кхоьллина йу. Массо а хIуманна царна рицкъ латтош а ву И. Шен цхьа хьашт доцуш, самукъаненна церан садаккха бакъо йац вайн.

**Йууш йолчу хIуманца а, молуш йолчу хIуманца а бусалба динехь лардан дезаш дерг хьахадахьара.**

«БисмиллахIиррахьманиррахьими» аьлла доцуш дIадолийначу массо а хIуманехь беркат хедар ду аьлла долчу Къуръанан айатна а, хьадисана а тIе а доьгIна, «БисмиллахI» аларца доло дезаш ду кхача баар а, хи малар а, кхидолу хIума а. Кхача бууш ша велахь, куьйгаш дила деза. Уьнах цIена а ду иза, оьзда а ду иза, суннаташлахь ду иза. Нагахь санна кхача бууш берш цхьана шуьна чу кхевдаш белахь, кхечунна хьалха а ца кхийдаш, шена хьалха йерг йаа йеза. Йууш йолу хIума аьтту куьйгаца йаа йеза. Ша хIума йиъна ваьллачул тIаьхьа, «альхьамду лиллахI» аьлла, доIа дан деза. Ирахь а ца молуш, охьа а лахвелла хи малар оьздангаллех ду.

**Кешнашка баьрзнаш тодан боьлхуш болу зударийн кеп муха хила йеза, и баьрзнаш тодечу хенахь мегаш дерг а, доцург а дийцахьара.**

Iаьно хIотточу хьоло тIедиларца, догIанаш совдийларца, кошан баьрзнаш духуш меттигаш дукха хуьлу. Оцу хьолехь уьш карийча, царна тIехь гIуллакх дар - шайн веллачун хьурмат дарх хир ду. Бакъду, цхьанхьара арара латта тIе а кхоьхуш, баьрзнаш хьала а буьгуш, кир тухуш, поппарца уьш хьоьхуш, кешнашкахь лелош долу хIуманаш шариIатехь магийна дац.

Шайн дегIан а, меттан а дола а деш, шен Iоврат дахьулдечу духарца а, Делан цIе йаккхарца а кешнашкахь шайн бан безаш болу болх зударша барх новкъа дац.

**Бусалба динехь боьршачу стага йоьхь тIехь чо лелор (маж лелор) суннат лоруш ду олу. Ткъа цхьаболчара бусалба стаг оьзда хила веза, йоьхь цIена лело йеза олуш а хеза. Цунах дерг билгалдаккхахьара.**



Зударийн кечбалар мас йахйаларца, коьртан чоца ду, божарийн кечбалар маж-мекхаца ду. Цундела, эцца а хьаьвсина, суннат ду Делан дуьхьа йуьхь тIехь чо битар. ТIаккха эццахь дахкина акъвалаш (дешнаш) а ду, и маж-мекх деха лело деза йа ца деза аьлла. И чо йуьхь тIехь лелош волчунна бехкам бина, мера кIелахь лелош болу чо - мекх — йуучу хIуманна чу ца Iитталучу барамехь, балди тIера жимма йухатоьхна хила дезаш ду.

Амма тахана, маьI-маьIерчу хабаршка ла а доьгIуш, вайн чу питана дохьуш баьхкинчу наха, мера кIело йаьшна хила йеза, маж лело йеза а, бохуш дийцинчу хабаршка ла а дегIна, мера кIело дIа а йаьшна, мажош охьа хецна, эрчабевлла лелаш нах а бу вайна йуккъехь. Иза суннат дац. Суннат ду мера кIелахь чо лелабар, йуьхь тIехь чо лелабар, шен дегIа тIехь оьздангаллица, шега лелаллучу барамехь. Цо Делан дуьхьа и лелош делахь, иза суннат а ду, йал а йу. Амма и Делан дуьхьа лелош а доцуш, керастанаш а ма гина вайна йаккхий мажош а йолуш, иштта дуккха а керастанаш ма гина вайна маж-мекх а доцуш.

Бусалба нехан куц ду-кх хIара, бусулба нехан гIиллакх ду-кх хIара аьлла, Делан дуьхьа и лелочунна йал хир йу-кх.

**Орам цхьаъ болуш долчу дитта тIехь, масала, Iожан дитта тIе кхорийн синтар дугIуш, цхьана агIор Iаж, вукху агIор кхор латош, и белхаш леладо. Ткъа динехь цунна цхьа а бехкам болуш хIума дуй-те?**

Цхьа масал дало лаьа суна цу хаттарна. Делан Элча (I.с.в.с.) схьавогIуш а волуш, хурманийн зазанаш чучча детташ, оцу хурманийн буьххье а бевлла, и къахьогуш байна цунна Iаьрбой. Уьш шена гича, шу хIун деш ду, хIокху йовхонехь ма къахьоьгуш ду шу, аьлла цо. «МIара зазанаш чуччатухуш ду тхо. ХIорш чуьчча ца тоьхначохь стом ца латабо тхуна. Мох хилча-м, махо чуьччахьора уьш, мозеш а, зингаташ хилча а, цара а чуьччахьора уьш», аьлла цара. ТIаккха Элчано (I.с.в.с.), иза-м дича а, ца дича а хIумма а дацара аьлча, вай стенна хьоьгуш ду хIара къа аьлла, охьабиссина уьш цу дигташ тIера. Оцу гуьйранна стом кIезиг хилла царна. Балхам бира цара тIаккха, Элча (I.с.в.с.) волчу а бахана. «Ахь аьллачух а тешна, тхо и зазанаш чуьчча а ца тухуш, IадIийнера. ХIинццалц латош хиллачул эшна латийна тхан хурманаш. Тхан дахар а гIел ма делла», - аьлла цара. Элчано (I.с.в.с.) аьлла хиллера цаьрга: «шариIатехь, динехь дерг шега хатта, дуьненахь шайна зеделларг шайна зеделлачу барам тIехь лело бакъо йу шун». Энца ладоьгIча, дуьненахь зеделларг ду, стом стоьма тIе богIар, цхьацца аьтто цуьнца лахар, беркат цуьнца лахар — Далла гергахь бехке долуш хIума дац, бакъо йолуш ду. Шена оьшучу барамехь шен беш тойийр йу-кх беш лелош волчо.

**Мах беш, хьоладас шен хIуманаш йохка цхьа стаг дIахIоттийна, оццу мехах йухкур йу ахь хIуманаш, аьлла. Нагахь оцу хьоладас хIоттийначу мехал а йухкушволчо, хьоладена а ца хууш, шена тIедоккхуш долу ахча хьарам дуй?**

ХIума йохка аьлла хIоттошверг, оцу даьхнийн ден белхало ву. Цунна йамартло йан мегар дац. Муха йу и йамартло? Нагахь санна, туьманах йохка, цул мах охьа а ма баккха аьлла, туьманах йохка бакъо йина цунна. Оьцучуьнгара шийтта сом даккха а гIоьртина, туьманах оьцун верг дIавахча, ша дахIоттийначу стагана йамарт хилар ду и йухкушверг.

**Заправкехь болх беш ву сой, сан накъосттий. Тхуна хIоттийна алапа а ду. Бензин оьцуш, цхьаболчара кIеззиг бухадуьсуш долу ахча (сдача) дIа ца оьцуш а нисло. Дийнахь иштта гулделлачу ахчанах тхуна мелла а гIуллакх а хуьлу. Нагахь санна, заправка йолчу дена и ахча тхуна дуьсий хаахь, (оха тхаьш доккхуш дац и, наха дIа ца оьцуш дуьсуш ду и), тхан алапа эшор ду цо. И ца хаийта бакъо йуй тхан?**



Нагахь санна и бензин оьцуш волчо, и бухадисина ахча ас хьуна дуьту, схьадала ца оьшу и алахь, и ахча шена дита йиш йу цуьнан. Цунна и бехке вац. Амма ша дIахIоттийна волчу стеган ша доьхкинчу бензинах догIу ахча, и сом бен дацахь, дIадала дезаш ду.

Вай тIейухуш лелош йолу хIума, дукхахьолахь, хьайбанан цIоканах (кожа) йеш йу. ТIехь чо болуш а, боцуш а хуьлу и цIокъа. Бусалба нахана уьш лело мегар ду йа дац билгалдахьара.

**Вайн Делан Элчано (I.с.в.с.) билгал а дина, нажжазаташ дуьйцучу йуккъехь, къиэнйелла йолу хIума нажжаз йу, и цIанло, дабагI йича. И дабагI йича, хьанал йу аьлла вайн Элчано (I.с.в.с.).**

Вай цIахь лелош йолчу виран жижиг даа мегаш дац (акхачу вираннига магийна ду даа). Ткъа цуьнан цIока а, берзан цIока а, дабагI дича, ламазна цIанлуш йу аьлла ду. Амма оцу йукъа ца йоьду Къуръанан чохь шен айат а доссийна, хIорш нажжаз йу аьлла, цIейаькkхина йолу хьакха. И дабагI йича а, цIанлур йац и. ЖIаьлин цIока а дабагI йича, цIанлур йац.

*Кадыров*
*Хож-Ахьмад-Хьаьжа*



В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# ДЕЛА РЕЗАВАР ДА-НАНА РЕЗАДАРЕХЬ ЛАХА

**ДУЬНЕНАХЬ А, ЭХАРТАХЬ А ДОЬЗАЛХО ДЕКЪАЛ ХИЛАР ДУ ЦО ШЕН ДА-НАНА РЕЗАДАР. ЦУНДЕЛА ДУЬНЕНАН АЬТТОННА ЙА ШАЙН ХЬАШТ-ДЕЗАРШНА ТIАЬХЬАДЕВЛЛАЧОХЬ ДИЦ МА ДОЙЛА ДА-НАНА РЕЗАДАН ДЕЗАР, ЙАЛСАМАНИ КХАЧОШ БОЛУ НЕКЪ УЬШ РЕЗАБАРЕХЬ БЕН ЦАХИЛАР. ДЕЛА РЕЗАВАР ДА-НАНА РЕЗАДАРЕХЬ ДУ. ТIАККХА ЛАХИЙ ВАЙ ДА А, НАНА А РЕЗАДАР. ДАГАХЬ ДОЦЦУЧУ ДИЙНАХЬ ЦАРАХ ХЬАЬДДА, БАЙЛАХЬ ДУЬСУР ДОЛУШ ДУ-КХ ВАЙ. И ДЕ БАЙТАМАЛЕ ЦА ХИЛИЙТА ХЬОВСА**

Нохчийчохь дика вевзаш волчу Iеламстага Абдулаев Аслан-Хьаьжас шен цхьана хьехамехь доьзалан шен дена-нанна хьалха долчу декхарех, церан ларам бан безарх лаьцна дуьйцуш, шозза-кхузза чIагIдеш элира: «Дела резавар да-нана резадарехь лаха деза», – аьлла. Цу хокъехь долу Ат-Тирмизис далийна хьадис а довзийтира цо. Да-нана резадинарг бен Йалсмане ваха йиш цахиларан хьокъехь дара иза. Оццул деза ду да-нана резадар, царна муьтIах хилар, цаьрца дика, кIедамерза хилар.



Цкъа Иракехь Iаш хиллачу шайхе Казарване шена бусалба Iилма хьехийта вахана хилла Наср ибн Хьафиз. Шайха цуьнга хьаьттина: «Нана дийна йуй хьан?» – аьлла. Цо йу, аьлла, жоп делча, цо йуха а хьаьттина: «Цуьнгара пурба а даьккхина веаний хьо деша?» МутаIелам хила веанчо шен ненера пурба даьккхина ца хилла. Иза хиъча, Iеламстага аьлла: «Ас цхьа хьарф (ЭЛП) Iамор ма дац хьуна, цIа а вахана, хьайн ненера ахь пурба ца даккхахь!».

ТIаккха Наср ибн Хьафиз цIа вахана, шен къеначу нанна йуххехь Iийна, иза хIокху дуьненара дIайаххалц. Цуьнан дола деш, иза кхобуш, Iалашйеш. Нана кхелхинчул тIаьхьа вахана иза Iилма Iамо. Цунах воккха Iеламстаг а хилла. Цо санна нана, да резадар лахар тIехь ду вайх массарна а. Амма хIора дийнахь хьашташна тIаьхьадевлачохь, йа шайн лаамаш, дезарш кхочушдарна тIаьхьадевллачохь цхьаболчарна дицло-кх церан догэца, цаьрца лелон догIу гIиллакхаш лелон, церан хьакъ дIакхачо. Шен доьзал кхиа боьлча, де-ненан гIайгIабар, цаьрга хьажар хьалха санна мехала ца хеташ берш а нисло. Гуттар а далатохар ду, уьш дIа а тесна, йуьстах валар. И санна дерг а кIезиг ца нисло-кх, халахеташ делахь а, вайна йукъахь.

Луьра мур бара Нохчийчохь. Боьдуш тIом бара. Йохош йара йарташ. Дойъуш маьрша адамаш дара. Iойла дайъинера. Оцу хьолехь шен доьзалца ГIалгIайчу дIаваха сацам бира Мусас, шен зудчух дага а ваьлла. Зудчо мекарлонца цкъа а, шозза а хьахийнера цуьнга йуьртара нах ГIалгIайчу а, ГIебартойн-Балкхаройчу а дIаоьхуш хиларх. Шен сацам бовзуьйтуш, Мусас шен нене ПетIамате элира:

– Нана, вай ГIалгIайчу дIадаха деза, хIара тIом кхин ца лало берашка а, соьга а... Хьо а дIайан йеза, кечамбе.

– КIант, хьанна тIедоьлху вай? Вай тIелаца кечвелла цхьа а вуй-те цигахь?

– Цкъа четаршкахь дIатарлур ду, тIаккха хьовсур ду вай.

– КIант, со айса дуу долу дуьне диъна йаьлла. Сайн бенахь йитахьа со. Бераллехь цкъа махках йаьккхина со. Цигахь сайн да а, нана а дIадоьллина цIа йеана, тахана а царна йоьлхуш Iаш йу со. ШолгIа махках йалар лалур дац соьга. ЦIахь йитахьа со...

Мусас кхин хьийза а ца йира иза шайца дIайола бохуш. «ЙогIуш ца хилча, ас хIун дийр ду хьуна», – аьлла, шен доьзал эцна ГIалгIайчу дIавахара иза. Ненан цхьаъ бен воцу кIант. Дала а, наха а шена буьллу болу бехк тергал а ца беш. Цига вахана а ца Iийра. Оцу муьрехь йукъаделира атта, маьрша дахар лоьхуш, дахаран бегIийлаш, аьхналла лоьхуш нохчий Европин мехкашка шайн лаамехь дIакхалхар. Цига дIаваха лиира Мусана а.

ГIалгIайчу дIакхелхина биъ-пхиъ бутт баьллачул тIаьхьа ПетIамат йолчу йеара цуьнан нус. Коча качйелла марахьаьрчира иза шен марнанна. Йоккхайийна ца йолура ПетIамат. Шен кIантера а, цуьнан берашкара а хьал хиънера цунна. Меттахь хилла йолу иза, гIеттина, несана несалла дан хIоьттира, селхана дуьйна латоза хилла пеш латийна. Дийцахьа, йоI, хIун деш ду шу? ДIатарделлий? Йуучунна, молучунна хIун до аш?

– ДIатарделла аьлча а, эцца дIа Iаш-м ду тхо. Гуманитарка а ло (Йоккхачу стагана «гуманитарка» хIун йу а ца хаьара)... Европе дехьа довла дагахь ду тхо. ЙагIахь, хьо а дIайуьгур йу. Хьоьга и ала йена со.

– Муса хIунда ца веара?

– Божаршна дIасабаха кхераме ду. Блокпосташкахь хьийзабо уьш.

– Дера бакъ ма ду иза а. Божарий хьийзабо. ХIаъ. Делахь а... ган лаьар-кха.

– Цхьана дIагIур йу вайшиъ. Цигахь гур ву хьуна. ТIаккха Европе а цхьаьна дIагIур ду вай.

– ЙоI, и хьан Европ хIун йу-м ца хаьара суна. Иза хIунда хьехайо ахь? Мичахь йу иза?

– Дозанал арахьа йу. Германе хьехош ца хезна хьуна?

– ХIинца цига кхачаза йисинера хьуна со. Цигахула лела де дац сан. Со цIахь йита аш. ХIинца мел Iа а ца хаьа, – аьлла, меллаша шен метта дIатевжира ПетIамат.

– Тахханехь дIа ца йахча ца йолу со. Ас вайн лулахошка текаре йийр йу хьоьга хьожуш хила, аьлла... Iадика йойла. ТIаккха со новкъа йолу.

– Некъ дика хуьлда хьан, – гIийла хазийра йоккхачу стага.

Иштта, ша вина, ша кхиийна нана тIама йуккъехь ша



цхьаъ йитина, шен доьзалца цхьаьна Европе, аьлча а, Германе дIавахара Муса. Нус новкъайолуш метта йижина ПетIамат кхин оцу меттара ца гIеттира. КIира даьлча мотт сецира. Лебина а хIун дора цунах хIинца. Цуьнан гIуллакхе хьожуш хIинца лулара Сайд-Iаьлви а, цуьнан хIусамнана а дара.

– ПетIамат, – элира цхьана дийнахь Сайд-Iаьлвис, – самагатде ахь. Ас хьан кIантачул а дика лелор йу хьо. Нагахь лахь, сайн нана санна дIа а йерзор йу. И дешнаш хезча, ПетIаматан бIаьргех хи хьаьдира, бехнеш а йашош. Кхелхича ша дIа хьан йерзор йу-те бохург хиллера цуьнан дагахь. Хаа а луш сапаргIат делира цуьнан. ХIинццалц хьаббина хилла бIаьрг а биллира. Амма цул тIаьхьа батте ца йелира Мусан нана. Лулахочо, йуьртахоша йерзо ма йеззара дIа а йерзийра. Доккха сагIа а даьккхира. «Делан дуьхьа йара хIара шен доьзална дика нана!» – аьлла, тоьшалла а дира.

... Муса Европехь вара. Иза цигахь дика дIатарвелира. Дика аьтто хилира. ТIом чекхбаьлча, тоьллачу машенахь цIа веара. Шен нана чохь Iийна цIеноש хьаькхна дIа а даьхна, ши гIат долуш, йуьртахь тоьлла ценош дира. Делахь а, шен нана къинтера йаккина, иза резайина кiант-м вац иза. Да-нана реза ца динчун гIуллакх ма кхераме дуьйцу-кх Iеламнаха.

Цхьадика цу тайпана кIентий кIеззиг бен бац. Алссам бу ден-ненан хьурмат дан хууш, церан сий-ларам беш, шайн дахар, деган марзо царна дIайелла кIентий а, йоIарий а. Царах цхьаъ ву Маьхкатера Сайд-Хьамзат. Москвахь дикачохь балхахь а волуш, Iилманехь бIаьрла кхиамаш а бохуш, дика гIуллакх деш вара иза. Кест-кеста шен нене хьажа, цуьнан догэца цIа вогIура кIант. Нанна оьшуш дерг латтадора. Цкъа иштта цIа веана волуш, шен нана мелла а гIелйелла хийтира цунна. ТIаккха, шен дерриге а гIуллакхаш дитина, Iилманан белхаш битина, цIавеара иза нанна уллехь хилархьама. Сайд-Хьамзатана шен ненал деза а, хьоме а хIума дацара хIокху дуьненахь. Ша Увайсал-Къарнис санна (жайнашкахь, назманашкахь вуьйцуш волчу) шен нана резайан гIерташ, дийнахь а, буьйсанна а дIахIоьттина лаьттира иза. Амма, маржайаI, мел дукхабезарх а лаьтташ бац-кха наной. Сайд-Хьамзатана а ца лаьттира. Iожалица къийса ницкъ ца кхечира цуьнан. Нана дIайелира, шеца дуьненан марзо дIахьош. КIантана а, йоIана а нана лахьте кховдорал хала хIума дац. И хало, къахьо лан дийзира Сайд-Хьамзатан. Иза лайначул тIаьхьа, йуьрт йитина, мохк битина дIа ца вахара. Шен нана йаьхначу кертахь висира. Тахана а Iаш а ву, шен кхерчан бакъволу кIант а хилла, Дала латтабойла и санна кIентий вайн нохчийн наношна.

Дуьненахь а, эхартахь а доьзалхо декъал хилар ду цо шен да-нана резадар. Цундела дуьненан аьттонна йа шайн хьашт-дезаршна тIаьхьадевллачохь диц ма дойла да-нана резадан дезар, йалсамани кхачош болу некъ уьш резабарехь бен цахилар. Дела резавар да-нана резадарехь ду. ТIаккха лахий вай да а, нана а резадар. Дагахь доццучу дийнахь царах хьаьдда, байлахь дуьсур долуш ду-кх вай. И де байтамале ца хилийта хьовса.

***Дадаев Сайд-Хьасан***

## НАШИ ГЕРОИ

## ГЕХАЕВ ИСА (1962 – 2002)




Старший лейтенант милиции, оперуполномоченный УУР Иса Аюбович Гехаев родился в 1962 году в селе Новые-Атаги Шалинского района в многодетной семье. Иса был очень чутким и воспитанным ребёнком. С самого детства он отличался такими качествами, как чувство справедливости и сострадание.

После окончания средней школы №2 в селе Старые Атаги Иса отправился служить в Советскую армию. Демобилизовавшись, поступил учиться в один изростовских колледжей. В 1986-1993 гг. он работал старшим контролером СИЗО-1 МВД ЧИАССР, в 1993-1996 гг. – помощником начальника ИЗ-14/1, с марта 1996 года – оперуполномоченным ОУР ОВД Ленинского района города Грозного, с 2000 года – старшим оперуполномоченным УУР КМ УВД по ЧР.

В 1986 году женился, в браке он стал отцом троих детей. Старший сын Муса – майор полиции, заместитель начальника Курчалоевского РОВД.

Друзья и коллеги характеризуют его как человека мужественного и принципиального. Он пользовался доверием, его уважали друзья. Исе никогда не была безразлична судьба народа, он свято чтил обычаи и традиции чеченского народа.

17 января 2002 года Иса был убит в результате вооруженного нападения неизвестных лиц у себя дома в селе Новые Атаги. В этот день чеченский народ простился еще с одним своим защитником, отважным воином и достойным человеком.

Дала гIазот къобалдойла цуьнан!

# НАЗМА ГАНДИ ХЬАСАНА ОЛУШ ХИЛЛА НАЗМА

IЛиллахIи вайн Деле вай доьрзуш лаьтти-кха,
ДIахудуш и, латта ша дебаш лаьтти-кха,
Цхьана дийнахь тешам бац,
Вай доьрзуш лаьтти-кха,
Хьо Iеха ма лолахь, къемат де догIур ду.

Ца йоха шаьш йина гIаланаш йоьхна-кха,
Мулкан дай шаьш хилла паччахьаш белла-кха,
Хийла шайн дай белла гIийла бай бисна-кха,
Хьо Iеха ма лолахь, къемат де догIур ду.

Духарца тавелларг тишвелла вайна-кха,
Даарца чам лехнарг дакъаза ваьлла-кха,
Маса ша вийлинарг воьлхучу ваьлла-кха,
Хьо Iеха ма лолахь, къемат де догIур ду.

Дьненчохь даима вуьсур ву моьтти-кха,
Валаран къахьо чам мериг бац моьтти-кха,
Вуо-дика Iамалаш узур йац моьтти-кха,
Хьо Iеха ма лолахь, къемат де догIур ду.

Кхиэлан да вайн Дела вицлуш ву моьтти-кха,
Iедалан вайн Делан кхиэл (суд)
хир йац моьтти-кха,
Вуо-дика Iамалаш узур йац моьтти-кха,
Хьо Iеха ма лолахь, къемат де догIур ду.

Маса ша чIогIаниг кхелхина вайна-кха,
Маса ша доцучохь доккхуш каш дайна-кха,
Маса ша къонаха чувуьллуш вайна-кха,
Хьо Iеха ма лолахь, къемат де догIур ду.

***Ганди Хьасана йаьккхина а, дIаолуш а йара хIара назма***

# ДУА, КОТОРОЕ ЧИТАЛ ПРОРОК МУХАММАД *(да благословит его Аллах и приветствует)* ВЫХОДЯ ИЗ ДОМА



**Вопрос от Элмара:**

Что должен произносить мусульманин при выходе из дома?

**Ответ:**

В хадисах сообщается, что выходя из дома, Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) следующие дуа:

**«ТАВАККАЛТУ IАЛАЛЛАХI. ЛА ХЬАВЛА ВА ЛА КЪУВВАТА ИЛЛА БИЛЛАХI».**

«С именем Аллаха и уповая на Аллаха (во всех своих делах, я выхожу из дома). О, Аллах! Я прибегаю к Твоей защите от попадания в заблуждение и от введения других в заблуждение; от совершения ошибок и от того, чтобы стать причиной совершения ошибок другими людьми; от совершения несправедливости и от несправедливости со стороны других; от неуважения и невежества и от неуважения и невежества со стороны других».

Другим, более коротким дуа, которое Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) читал, выходя из дома, является следующее:

**«БИСМИЛЛАХI. ТАВАККАЛТУ IАЛАЛЛАХI. АЛЛАХIУММА ИННИ АIУЗУ БИКА АН УДЫЛЛА, АВ УДАЛЛА, АВ АЗИЛЛА, АВ АВУЗАЛЛА, АВ АЗЛИМА АВ УЗЛАМА, АВ АДЖХIАЛА АВ ЙУДЖХIАЛА IАЛАЙЙА».**

«С именем Аллаха. Уповая только на Аллаха (я выхожу из дома). Сила и могущество возможны только при помощи Аллаха».

При возвращении домой следует прочесть следующее дуа:

**«АЛЛАХIУММА ИННИ АСЪАЛУКА ХАЙРАЛ-МАВЛАДЖИ ВА ХАЙРАЛ-МАХРАДЖИ. БИСМИЛЛАХIИ ВАЛЛАДЖНА ВА БИСМИЛЛАХIИ ХАРАДЖНА ВА IАЛАЛЛАХIИ ТАВАККАЛНА».**

«О, Аллах! Я прошу у Тебя блага при каждом выходе (из дома) и каждом входе (домой). С Твоим именем я вышел, и с Твоим именем я вошел. И мы уповаем на Аллаха – нашего Господа».

# НОХЧИЙН ЛАЬМНАШКАХЬ ЛЕЛЛА ГIИЛЛАКХ

Цхьаьннан карах мухха а цхьаъ кхалхар нисделча, йа цахууш, йа девнехь, йуккъехь дов деана долчу шина тайпанах боцу, Iеламнах, баккхийнаш, маслаIатан дай, наха лоруш болу нах йукъа а хьаьвзий, и стаг тIевитар, маслаIат дар лохуш хилла. Мел доккха делахь а, дов дIадерзош хилла ишттачу маслаIатца.

Масала, цхьаьннан карах цхьаъ велча, эццахь нах цхьаьна а кхетий, цунна орцах бовлий, оцу нахе дехаре боьлхуш хилла, и стаг тIевитахьара, олий. Дехаре бахале, дуккха а дийцарш деш хилла, кIеззигчу тобанца тIе а боьлхуш, вовшех дага а бовлуш, хиллачух, леллачух, бехк берг боцург дуьйцуш, массо хIума листа а луьстий, дехарш деш, маслаIате кхойкхуш хилла. Оцу кеппара стаг веллачу нахе дехар деш хилла, чIирхо тIевитар доьхуш.

Дехар луш а хилла дукхахьолахь, амма цалуш, дехар йухатухуш меттиг нислуш а хилла.

Гуттар маслаIатана дуьхьало йича, гора хIуьттий дехар деш меттиг нислуш а хилла.

Гора хIиттича а дехар ца делча, коьртара куйнаш схьа а дохий, шайн къоьжалла гуча а йоккхуш, дехар деш хилла. Оцу дехаре, маслаIате кхойкхуш тIаьххьара долу тIегIа и хилла – баккхийчу наха гора а хIиттина, шайн коьртара куйнаш а даьхна (лаьтта охьа а дехкина), къоьжалла гучайаккхар. Иштта меттиг наггахь бен ца хиллехь а, нислуш хилла. Оцу къаноша гуча йаьккхинчу кхоьжаллин лерам а бой, тIевуьтуш хилла чIирхо.

Иштта кхин цхьа меттиг нислуш хилла, цхьана а кепара чIирхо тIе ца вуьтуш дуьхьал бевлча, цунна марчо а хьарчадой, барамна тIе а вуьллий, дIаволла кечвинчу суьртахь, халкъо, баккхийнаш хьалха а, кегийрхой тIаьхьа а болуш, цу нехан уьйтIа и барам охьабуьллуш хилла, тIехь и церан мостагI а волуш. ХIара оха шун керта охьавилли, хIинца шайн чIир эца кхунах, олий.

Церан кхетамехь болчу наха дуьхьал схьа къамел деш хилла: Наха санна хIара шен хеннахь кара а вина, кхуьнан чIир эца тхан ницкъ ца кхечи, хIинца ван а веана аш охьавиллича, тIехьарчийна марчо а долуш волчу кхунах чIир эццал де доцуш а дац тхо, олий, цхьаъ тIе а воьдий, шаьлта а йоккхий, цуьнан коьрта тIера марчо дIа а достий, корта гуча а боккхий, коьртах цхьа кIинж йоккхуш хилла, корта башаран барамехь. Тхоьгахьара маьрша ву, олий паргIат вуьтуш хилла. Марчо а хьарчийна, веана уьйтIа охьавиллина стаг вийна меттиг нислуш ца хилла, хIунда аьлча, иза Iаламат чIогIа эхье а, лерам боцуш а лорур дара. ЧIирхочо корта а, маж а йошуш ца хилла, тIевитталц.

Цунах терра, лелаш цхьа хаза гIиллакх хилла нохчийн къоман, орца доьхуш, хууш а, цахууш а шайн керта чIирхомостагI иккхича, иза вуьйш ца хилла, кертахь чIир эцар гIиллакхе ца хилла. Цу кеппара, кхечу экханах къаьхкина цхьа экха йуьрта иккхича, иза дуьйш а, йа эккхош а ца хилла. Нагахь санна иза дийча, цуьнгара бехк боккхуш хилла, цунна неIалт олуш хилла наха. И экха хьа ца деш Iаддуьтий, шена маршо йаьлча дIадаха паргIат дуьтуш хилла.



Иштта, Зандакъарчу ГIеза-Хьаьжас (Дала къинхетам бойла цунах, даржехь лекха воккхийла иза!) шен кIант вийнарг тIе а витина, шен кIантана дина цIеноош оцу шен кIант вийначу чIирхочунна а луш, цу чу ваха хаийна хилла. Наггахь бен ца нисделлехь а, вайн къомана йукъахь масал а хилла, тIаьхьарчу тIаьхьенаша дийца а дуьйцуш лаьтташ ду и тайпа белхаш.

XIX-чу бIешарахь иштта цхьа гIуллакх нисделла Бенойн йуьртахь Гуьржа-Махкахь.

Гуьржа-Махкахь вехаш хилла Геха цIе йолуш стаг. Нахана йуккъе валлал, ловзарга ваххал кхиъна хилла Гехин воккхахволу кIант, биснарш цул кегий а болуш.

Гуьйренан цхьана буса, ГехагIарна гена доццуш ловзар хилла, хIокхарна цуьнан гIовгIа дикка схьа а хезаш.

Геха волчу керта иккхина цхьа жимастаг, дуйнаш кхуллуш, ша дIахьулвахьара бохуш, орцанца. Оцу мIаьргонна шен хIусамехь иза дIа а хьулвой, керта араволу Геха.

ХIара араваларций, накхарийн вай даьлча санна доккха гIугI доьхуш, керта лелха Гехин кIентан накъостий:

– Стенга ваха иза? – бохуш маьхьарий а детташ.

– Аш хIун дуьйцу, мила вуьйцу? – олу Гехас, ша цакхета сурт а хIоттош.

Совца а совций, воккхачо Гехе кадам бо:

– Хьан кIант дIакхелхина, иза ведда хIокху керта иккхинчу кIентан карах велла, олуш. – Тхо иза схьалаца тIаьхьа девлла дара.

– ХIокху керта иккхина цхьа а хаавелла вац, – олу Гехас.

– Кертах чекхъиккхина кхечухьа дехьаваьлла хир ву иза, олий кхидIа а лаха боьлху вийначу кIентан накъостий.

Гехас чу а воьдий, вийнарг шен кIант вуй а ца дуьйцуш, хеттарш деш лево шен чIирхо, муха нисделира, хIун хиллера, бохуш.

ХIара кIант атта а хетта, оцу ловзаргахь ша цхьана волуш, вуьйш алсам хиларе терра, коча баьхкина, эвхьаза забарш йеш хьовзийна хилла. Мухха делахь а, хIокху кIентан ка а даьлла, Гехин кIант вер нисделла кхуьнан. Ша вийначун да вуй хууш ца дуьйцу цо иза, шега хаьттича, ма-дарра охьадуьллу.

Цкъачунна дIатаIIий Iелахь, и жIаьлеш дарделла ду хьуна, вайшимма цхьа агIо йийр йу хьуна, олий цуьнан догъоьцу.

Iуьйранна сатосучу хенахь, стерчий дIа а дужий, ворданна цIа чу шен кIентан чIирхо а вижавой, цунна тIехула хьаьжкIийн гIад дуттий, йуьртах вала волало Геха.

Сатасале ворда а йоьжна, вийна кIант волу Геха йуьртах вала волавелча, мостагI лоьхуш берш шекбовлий, дуьхьал бовлу кхунна.

Уьш шена тIегIоьртича, шен гIодайукъарчу шаьлтанна тIе куьг а дуьллуш, Гехас мохь тухуш човхабо уьш:

– Вийнарг сан кIант ву, шу шаьш динарг дина девлла, суна герга гIоьртинчуьнца сан дов хир ду.

Цу кепара шаьш човхийча, уьш йуха бовлу.

Цул тIаьхьа, йуьртах а волий, кIентан йуьрта боьдучу новкъа волу Геха. Иза бенойн кхечу уллерчу йуьртара хилла. И кIант дIа а вуьгий, цуьнан лулахошка дIало, Гехас, ша ала олуш:

– ХIокхуьнан карах вайн чуьра кIант велла, цуьнан накъостий, жIаьлеш дарделла ду, кхуьнан дола де ала.

Цул тIаьхьа, цхьан хан йаьлча, нохчийн къомах цхьа тоба Хонкара махка кхалха кечамаш беш хуьлу.

Гехина тIе кост дохьуш баккхий нах бохкуьйту кIант вийначу чIирхочун верасаша:

Шайн кIентан чIир эцахьара аш, хьан йуьхьа дуьхьал ца хьийзалора, Хонкара даха дагахь дара тхо, олий.

Гехас дуьхьал жоп дохьуьйту:

– ЧIир оьцуш хиллехь, оцу буссехь эцна хир йара, цIа а валийна дIа а кхетор вацара. Шегахьара иза маьрша ву шуна, шаьш долхахь, шайн кIант а эций дIагIо, олий.

***Алхазов Iабдул-ГIапура***
***дуьйцуш дIайаздина***

# МОЛЬБА – ЭТО НЕ ПРОСТО СПИСОК ПРОСЬБ

Часто мы сосредотачиваемся на том, что просим, забывая о главном – о том, к Кому мы обращаемся в мольбе.

В хадисе Посланника Аллаhа (да благословит его Аллах и приветствует) говорится:

**«ДУА (МОЛЬБА) – ЭТО МОЗГ ПОКЛОНЕНИЯ» (ат-Тирмизи).**

Истинная глубина дуа раскрывается не в получении желаемого, а в том сокровенном состоянии, когда душа, осознав свою нищету, вверяется Милостивому Творцу. Такая мольба, пропитанная искренней нуждой, перестаёт быть формальностью. Она становится живым диалогом – между человеком и его Господом.

Даже если ответ на вашу мольбу задерживается, помните: ваша мольба уже услышана. Ведь сам факт обращения – это уже акт поклонения. Один из праведников говорил: «Быть лишённым права взывать – для меня тяжелее, чем не получить ответа». Потому что сама мольба – уже поклонение, в котором мы проявляем свою нужду в Творце миров. Мы должны быть благодарны за то, что Всевышний даёт нам возможность обращаться к Нему. Аллаh любит, когда к Нему взывают с мольбами.

Более того, Всевышний Аллаh прямо повелел нам в Коране обращаться к Нему с мольбами, обещая непременно ответить.

**«И СКАЗАЛ ВАШ ГОСПОДЬ: “ВЗЫВАЙТЕ КО МНЕ, И Я ОТВЕЧУ ВАМ”» (сура «Гафир», аят 60).**

Это обещание – истина, которая не нарушается. Однако мы должны знать, что ответ Всевышнего не всегда приходит в той форме и в то время, которых мы ожидаем. Иногда мы получаем желаемое сразу в этом мире, иногда отсрочка оборачивается для нас ещё большим благом, а иногда наша мольба сохраняется для нас в виде награды в мире вечном (ахирате), где она будет иметь несравненно большую ценность.

В хадисе, переданном от Абу Са’ида аль-Худри, Посланник Аллаhа (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Нет ни одного верующего, который бы воззвал к Аллаhу с мольбой, в которой нет греха и разрыва родственных связей, чтобы Аллаh не даровал ему одно из трёх: либо ускорит ему ответ при жизни, либо отложит это ему на Судный день, либо отвратит от него равное этому зло». Люди сказали: «Тогда мы будем много взывать». Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) ответил:

**«АЛЛАН БОЛЕЕ ЩЕДР, ЧЕМ ВЫ ДУМАЕТЕ» (ат-Тирмизи).**



Поэтому верующий не должен отчаиваться, если не видит немедленного исполнения своей просьбы. Истинная вера требует твёрдой убеждённости в том, что Аллаh–Мудрый и Всезнающий. Он лучше знает, в чём благо для раба, а что может навредить. Он слышит каждую мольбу и знает каждую тайну сердца. И если ответ задерживается, значит, в этом – мудрость, которую мы, возможно, осознаем только спустя время или в вечном мире. Чтобы мольба была принята, необходимо питаться дозволенной (чистой) пищей, ибо запретное (харам) отвергает её.

В своих мольбах нам также следует проявлять настойчивость, а не торопливость. Имам аль-Байхаки приводит в своём сборнике:

**«ЛУЧШЕЕ ДУА – ЭТО НАСТОЙЧИВО ПРОСИТЬ У АЛЛАНА И ПРОЯВЛЯТЬ СМИРЕНИЕ ПЕРЕД НИМ».**

Торопливость проистекает из нетерпения: человек хочет заполучить желаемое здесь и сейчас, и, не получив мгновенного ответа, он впадает в уныние, а порой и вовсе оставляет мольбу. Торопливый раб словно требует, а не просит.

Настойчивость в мольбе – это проявление смиренной любви и глубокой нужды. Когда раб Аллаhа многократно возвращается к своему Господу с одной и той же просьбой, он не просто добивается результата – он показывает Всевышнему, что не видит иного Покровителя, кроме Него. Каждое повторение мольбы – свидетельство того, что сердце полностью уповает на Аллаhа и не отворачивается от Него.

Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) сказал:

**«КАЖДЫЙ ИЗ ВАС БУДЕТ УСЛЫШАН, ЕСЛИ ОН НЕ БУДЕТ ТОРОПИТЬСЯ И НЕ СКАЖЕТ: “Я ОБРАЩАЛСЯ С МОЛЬБОЙ, НО МНЕ НЕ БЫЛО ОТВЕЧЕНО”» (аль-Бухари).**

Именно настойчивость, подкреплённая убеждённостью, открывает врата милости, тогда как торопливость, напротив, закрывает их, лишая человека благодати терпения.

Мольба – это огромная милость, которую Всевышний даровал нам. Он слышит каждый наш шёпот, и даже если мы не произносим просьбу вслух – Ему ведомо сокровенное и Он слышит даже трепет нашего сердца. Показывая свою нужду в мольбе, мы не унижаем себя, а возвышаемся, ибо признание того, что мы полностью зависим от Аллаhа, – это и есть суть истинного поклонения и счастья.

***Шамиль Магомедов***

# СОЗДАНИЕ НЕОБХОДИМЫХ УСЛОВИЙ ДЛЯ СОВЕРШЕНИЯ МОЛИТВЫ И ИСПОЛНЕНИЯ РЕЛИГИОЗНЫХ ОБЯЗАННОСТЕЙ



Духовное управление мусульман Чеченской Республики при финансовой поддержке Регионального общественного фонда имени Ахмата-Хаджи Кадырова оборудовало молельные комнаты и блиндажные мечети в подразделениях Южного военного округа, находящихся в зоне проведения специальной военной операции.

«Создание необходимых условий для совершения молитвы и исполнения религиозных обязанностей является важной частью духовной поддержки военнослужащих. Оборудованные помещения позволят бойцам совершать коллективные молитвы и получать духовные наставления даже в непростых условиях», – отметили в ДУМ ЧР.

В ведомстве подчеркнули, что с первых дней проведения специальной военной операции Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров и Региональный общественный фонд оказывают всестороннюю помощь военнослужащим. Особое внимание уделяется не только материальному обеспечению бойцов, но и их духовно-нравственной поддержке.

***«ДУМ ЧР»***

**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**
**36 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьхххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 09.09.2026 г. 15:00. Подписано в печать: 09.09.2026 г. 16:00. Заказ №_________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!